# НУР

ISSN 0207-6551

5

2022



6+

# Зэхуэзэшхэр зэхуешэж...



Цlыхум и гъащlэр къыщежьэр унагъуэм и дежщ. Аращ лъагъуныгъэм, зэгурыlуэныгъэм, пщlэ зэхуэщlыным и лъабжьэр. Ди сабиигъуэр щыкlуа адэ лъапсэжьыр дигу зэи имыхуным папщlэ мы махуэшхуэр ягъэлъапlэу къысщохъу. Адэ-анэмрэ бынымрэ зэпэlэщlэ хъуа иужьи я жьэгуращ ахэр гъунэгъу зэхуэзыщlыжыр.

Унагъуэм и махуэшхуэр къызэрагупсысрэ илъэс бжыгъэ фlэкlа дэмыкlами, ар къэрал куэдым къызэдащтащ! А махуэм уегъэгупсысэ, зэхуэзэшхэр зэхуешэж - дыпlащlэ зэпытми, лэжьыгъэр япэ идгъэщурэ унагъуэр lэщlыб тщlыми, дызэрыщыуэр къыдгурегъэlуэж.

## Махуэшхуэ зэхуэсхэр

Унагъуэм исхэм нэхъ яфlэфl шхыныгъуэхэр яупщэфlри lэнэ узэдам псори къотlысэкl, зэщогуфlыкl, зэдоуэршэр. Адэ-анэм я щlалэгъуэ гукъэкlыжхэр яlуатэ, щlэщхъухэм иродыхьэшхыж, псори матхъэ. Я бынхэм ехъулlэныгъэ яlэмэ - зэжраlэ, щlэщыгъуэу я гъащlэм къыщыхъуахэм топсэлъыхь, псоми яфlэгъэщlэгъуэн хъунрэ зыщыгуфlыкlынрэ фlэкlа яlуатэркъым. Ауэрэ, зэманыр зэрыкlуар зыхамыщlэу йожэкl.

Унагъуэм илъ хабзэхэр псоми ягъэзащlэмэ, абы зэгурыlуэ къыдокlуэ. Лъагъуныгъэр унагъуэм илъми, абы зэгурыlуэр щызэмыкlуэмэ, я жьэгур хуэбэжынукъым - унагъуэпсэр лъэлъэжынущ.

Фигу ивубыдэ: фи унагъуэм илъ хуабагъэр фхуэхъумэмэ, абы фыпсэухукlэ фигъэхуэбэнущ!



## Гъэщlэгъуэнщ

Бын куэд зиlэ унагъуэхэр:

1. Васильевхэ я унагъуэм сабий 69-рэ: зэтlолъхуэныкъуэу - 16, зэтlолъхуэныкъуищу - 7, зэтlолъхуэныкъуиплlу - 4.
2. Гринхилл и унагъуэм сабий 39-рэ: къуэуэ - 7, пхъуүэ - 32.
3. Шишкинхэ я унагъуэм сабий 20: къуэуэ - 11, пхъуүэ - 9.
4. Хромхэ я унагъуэм сабий 20: къуэуэ - 12, пхъуүэ - 8.
5. Бонелл и унагъуэм сабий 16: къуэуэ - 9, пхъуүэ - 7.

Цlыкlухэ, фи унагъуэм исхэм махуэшхуэ тыгъэ яхуэвгъэхьэзырмэ, нэхъ лъапlэ дыдэу яхуэфщl хъунур мы къыдэкlыгъуэм и щlыбагъым тетщ.

*КЪАМБОТ Марианнэ*

# КЪУИЙЦIЫКIУРЭ ШЕЙТIАНЫМРЭ

*Хэтхэр:*

**КъуийцIыкIу.**
**ШейтIаныр.**

*КъуийцIыкIу мэкъуауэ къокIыж шэмэджыр и дамащхьэм телъу. Пабжьэм къыхокIри ШейтIан къыпоув.*

**ШейтIаным:** Дэнэ укъикIыжрэ, КъуиижьцIыкIу?

**КъуийцIыкIу:** Мэкъуауэ сыкъокIыж. СIыгъыр плъагъуркъэ?

**ШейтIаным:** Сытхэр щыхъыбар-тIэ мэкъуауэм?

**КъуийцIыкIу:** Хъыбарышхуи щыIэкъым: шэмэджибгъуу дыззэдеуэри, зы аргъуеижь къэдукIащ.

**ШейтIаным:** Аргъуей жыхуэпIэр цIыкIунитIэу къыщIэкIынт, КъуийцIыкIу.

**КъуийцIыкIу:** ЦIыкIу-мыцIыкIуми, абы лыуэ къикIам и ныкъуэр хьибгъум яхуэшхакъым.

**ШейтIаным:** Хьэпшыр цIыкIуу къыщIэкIынт а жыхуэпIэхэр.

**КъуийцIыкIу:** Хьэпшыр-мыхьэпшырми, языхэзри щIылъэм тету дэпхъуеирти уэгум ит бгъэшхуэр дамэкIэ кърилъэфэхырт.

**ШейтIаным:** А жыхуэпIэр бгъэ шыр цIыкIу хъунт.

**КъуийцIыкIу:** ЦIыкIу-мыцIыкIуми, апхуэдэ зы бгъэм и дамэ лъэныкъуэр унибгъум унащхьэ яхуэхъунут.

**ШейтIаным:** Ахэр унэжь цIыкIуу къыщIэкIынт, КъуийцIыкIу.

**КъуийцIыкIу** *(дыхьэшхыурэ):* ЦIыкIу-мыцIыкIуми, ШейтIан цIыкIу, унэ къэс махъшибгъу щIэхуэнут.

**ШейтIаным** *(къэгубжьу):* Ахэр махъшэ мылъхуэсу* къыщIэкIынт, КъуиижьцIыкIу!

**КъуийцIыкIу:** Сыти яхужыIэ! Замыгъэщхъыу псыкъуийм хэфырт а махъшэхэр. *(Мэдыхьэшх, ШейтIаныр нэхъри зэгуигъэпу.)*

**ШейтIаным:** А жыхуэпIэр щIалэ цIыкIухэм джэгуурэ башыпэкIэ къратIыкIа псыкъуий чэнж цIыкIу хъунт!

**КъуийцIыкIу:** Чэнж-мычэнжми, ШейтIаныжь цIыкIу, пщэдджыжьым ирадзыха пэгуныр псым зэрынэса макъыр щызэхэпхыр пщыхьэщхьэрат.

**ШейтIаным** *(нэхъри къэгубжьу):* А махуэр кIэщIыIуэ хъунт, КъуийцIыкIу.

**КъуийцIыкIу:** КIэщI-кIыхьми пщэдджыжьым дахуа жэмыр махуэм лъхуэрти, пщыхьэщхьэм и шкIащIэ цIыкIури джэгуу иужь иту къыдыхьэжырт.

**ШейтIаным:** ШкIэ мылъхуэс хъунт а жыхуэпIэр.

**КъуийцIыкIу:** Сыти фIэщ, пхъэIэщэм* пэщIэпщIэмэ, бжьыпэр иIыгъыу* щы псор ивэрт.

**ШейтIаным** *(къэгубжьыпарэ хуэмышэчыжу):* Уи гуэбэнэчыжьыр* гъуанибгъущ, КъуийцIыкIу!

**КъуийцIыкIу** *(дыхьэшхыу):* НетIэ цибгъу къыхэхуащи аращ. Умыгузавэ, сыпIыщIэркъым.

**ШейтIаным** *(кIийуэ):* Мис, уи вакъэжьыр лъапашэщ!

**КъуийцIыкIу:** СыздыхуеймкIэ сешэ, си ШейтIан тхьэлухуд цIыкIу!

ШейтIаныр зэлъэкъуаузу къытохуэ. КъуийцIыкIу йоIэбых, абы и лъакъуитIыр еубыдри ирелъэфыж.



* *Мылъхуэсу* – и чэзу нэмысу къалъхуауэ.
* *ПхъэIэщэ* -- щIыр зэравэ (плуг).
* *Бжьыпэр* иIыгъыу – япэ иту.
* *Гуэбэнэч* – упщIэм къыхэщIыкIа джанэ Iэщхьэншэ.

## ТекIуэнычгъэм и Махуэшхуэм ирихьэлIэу



***КЪАРДЭН Бубэ Мацыкъ и къуэр** 1917 гъэм Дыгулыбгъуей къыщалъхуащ. ЩIэныгъэфI бгъэдэлъу абы къиухащ ди пединститутым урысыбзэмкIэ иIэ къудамэр, ауэ лэжьэнуи хунэмысу, Хэку зауэшхуэр къэхъейри, езым и лъэIукIэ дзэм хыхьащ. Владикавказ дэт лъэсыдзэ училищэм илъэс ныкъуэкIэ щеджауэ ар фронтым кIуэри взводым, ротэм, батальоным я командиру зауапIэм Iутащ.*

*Офицер хахуэм къыхуагъэфэщащ Бэракъ Плъыжь орденитI, Хэку зауэшхуэ орденым и 2-нэ нагъыщэр, Вагъуэ Плъыжь орденыр, медалих.*

*Еджагъэшхуэр, офицер хахуэр, зэдзэкIакIуэ Iэззэр 1988 гъэм накъыгъэм и 17-м дунейм ехыжащ. Ди лъэпкъ тхыдэм зи цIэр дыщэпскIэ хэтха хэкулIхэм ящыщщ Къардэн Бубэ.*

КЪАРДЭН Бубэ

# ЛАЛИНЭ
(Рассказ)

Къуажэр фашистхэм яубыдат. Лалинэхэ я унэм нэмыцэхэм я штабыр щIэтIысхьат. Абыхэм апхуэдизкIэ загъэткIийти жаIэу хъуар пхрагъэкIырт. Лалинэ и анэр нэмыцэхэм зэ закъуэ япэпсэлъэжати, ар зэраубэрэжьар хъыджэбз цIыкIум и гум хьэлъэу тельт. Ди зауэлIхэм къуажэкIэр яубыдыжауэ дэнэ щIыпIэкIи зэхэуэр щыгуащIэт. Фашист топгъауэр езыр псыхьэ кIуэн шынэрти ар хуейт хъыджэбз цIыкIум псы къригъэхьыну. Лалинэ и анэр къэгуззэващ, ауэ ар езыр псынщIэу акъылэгъу хъури жиIащ:

– Умыгузавэ, нанэ, сэ дыдейхэр къыззэуэнкъым. СыкIуэнщи псы къахуэсхьынщ.

Лалинэ псыхьэ кIуэри къэкIуэжащ, ауэ къихьа пэгунитIым язым итыр фэтыджэнт. Ар лъащIэм къигъанэри, псы зэрытыр фашистхэр зытес ищIыIу унэм яхудрихьеящ.

– Языр лъащIэм къэзгъэнащ, ари иджыпсту къэсхьынщ, – жиIащ Лалинэ, псы пэгуныр игъэуври.

Лалинэ къежэхыжри фэтыджэн пэгуныр дэкIуеипIэм трикIащ, икIи мафIэдз къэлыда псынщIэу тридзэжащ. МафIэр занщIэу къызэщIэстащ. Нэмыцэхэр мафIэсым игъэгужьеяуэ я топышэр хыфIадзэри щIэпхъуэжахэщ. Мис апхуэдэу Лалинэ дыдейхэм ядэIэпыкъуауэ щытащ.





Жылэ – семя, кумылэ – сердцевина



Купкъ – косточка, купщІэ – ядро



Лъабжьэ, лъахъц – корни

Жып псальалъэ

ЖЫГХЭР

*ШЭРІУЖЬ Аслъэн*

# Псыгуэнсу



Щауэ пагэм хуэдэу, кънтхъутхъукІыу,
Шэрэджыпсым кърихьэх пфІощІ псэр.
ТІэкІуи ягъэфІа хъыджэбз щІыкІафІэу,
Къыбгъурохьэ и бгъум Псыгуэнсур.

Зы защІыну зэрыхуейр зыхэпщІэу,
ПситІ зыхыхьэм – зыр зым зыхуеший.
Акъсырэпс, Аруаныр я щІэблэщІэу,
Хъуащ къуэпсыщІи, ибгъумкІэ заший.

Псым и цІэджэгъу и цІэр игъэлъапІэу,
Къоплъыых бжьыфІэу нэпкъым Псыгуэнсур.
ЩызэхэкІ-зэхыхьэу, псиплІ я кІуапІэу,
Къуажэ куэд бгъуэтынкъым дуней псом.

Уи къежьапІэу щытми Жэнхъуэтхьэблэр,
Псыгуэнсууэ къуажэр уахэІуащ.
Уеблэм, къемыкІужу уи цІэм хьэблэр,
Уи уэрамхэм къалэу заубгъуащ.

Хэти и щхьэрщ и цІэр зыгъэдахэр,
Ар Іуэху куэдкІэ гъащІэм щытлъэгъуащ.
Уэ уи щІэблэ дахэм нобэ уи цІэр
ЩІыпІэ куэдым фІыкІэ щагъэІуащ.

КъахэкІащ уи бынхэм еджагъэшхуэ,
АртистыфІхэр жылэм къыдэкІащ.
Спорт лІыхъужь къуданхэм утыкушхуэм
Бжьыпэр мызэ-мытІэу щаубыдащ!

Дрипагэу къыдэкІащ цІыхушхуэ,
Къыдэнам я бжыгъэр нэхъыбэжщ.
КІэщІу жыпІэм – уэркІэ дэ догушхуэ,
Уэ утхуэгъэгушхуэм – дыбын пэжщ.

Узыхуэзгъэдэн дунейм щымыІэ,
Си адэжь щІыналъэу Псыгуэнсу.
Сыт зэмани уэ ущырыреІэ,
Щыр щыІэху уи щІэблэр ирепсэу!



ЛъабжьэщIэкIэ – клубень, корнеплод



Лъэдий – ствол, къудамэ – ветка



Къуэпс – стебель растений



Гъурц – куст, гъуей – кустарник

# *Ди жыгыжьыр*

*Пс. Нало З.,*
*макъ. Хьэ1упэ Дж. яйщ.*

*Ди жыгыжьыр къэгъэгъа,*
*Дыгъэ пызу къыпыкIа.*
*Уарэ, къыпыкIа! Уарэ, къыпыкIа!*
*Дыгъэ пызу къыпыкIа!*

*ПцIащхъуэ цыкIур пытIысхьа,*
*Хьэрэхъупыр пылъэта.*
*Уарэ, пылъэта! Уарэ, пылъэта!*
*Ар лъэтэжри ежьэжа!*

*Мазэ ныкъуэ хэгъуэща,*
*Дыщэ тхьэгъур илъэхъа.*
*Уарэ, илъэхъа! Уарэ, илъэхъа!*
*Хьы иридзри щубыда!*

*КхъужьIэрысэ къыпыкIа,*
*МыIэрысэ къыпыхуа.*
*Уарэ, къыпыхуа! Уарэ, къыпыхуа!*
*«КIюкъу», – жиIэу къыптехуа!*

*Щхьэбалыджэм къытехуа,*
*Шыкъырыжьы къыхихуа.*
*Уарэ, къыхихуа! Уарэ, къыхихуа!*
*Ар къыхихури щIэпхъуэжа!*










Тхьэмпэ – лист



ПщІащэ – листва



КхъуакІэ – хвоя



Гъэгъа – соцветье








КъапщIий – лепесток



Пхъэщхьэмыщхьэ – плод



Жыгдэжей – лиана



Жыг – дерево

*Жып псалъалъэр зыгъэхьэзырар* ***ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ***

# Сабиигъуэр зыщIэхъуэпсыр



"Космос". Гъуэгунокъуэ Тамерлан, Псыгуэнсу, илъэси 10



"Космонавт". Хакимов Даниёр, Мэзкуу, илъэс 11



"Шыпхъу сыхуейщ". Быф Арианэ, Алътуд, илъэси 9



"Дунейр къабзэну сыхуейщ". Гъуэгунокъуэ Тамилэ, Псыгуэнсу, илъэси 9



"Солъатэ". Къамбот Алихъан, Астэмрей Ипщэ, илъэси 7



"Тенджызым". Умар Лалинэ, Тэрч , илъэс 11



"Шыпхъу цlыкlу". Къаныкъуэ Алинэ, Дыгулыбгъуей, илъэси 7



"Гъэмахуэ". Хакимова Дарьяна, Мэзкуу, илъэси 3



"Тенджыз lуфэм". Судым Арианэ, Нарткъалэ, илъэс 11



"Кхъухьлъатэзехуэ". Къаныкъуэ Алан, Дыгулыбгъуей, илъэси 10

# Гъэмахуэ тхылъеджэ

**Тхылъыр ныбжьэгъуфIщ. Акъылрэ гупсысэрэ зыхэлъ тхылъым хуэдэу зозыгъэужь, узыгъасэ щыIэкъым.**



## 1-нэ–2-нэ класс

**Катаев Валентин «Цветик-семицветик».** ХузэфIэкIыну псор къыгурымыIуэжу цIыхум иIэ Iэмалхэр щигъэкIуэд щыIэщ. Хъыджэбз цIыкIум къррата удз гъэгъа телъыджэм лъэIуибл игъэзэщIэфынут, ауэ абы ахэр мыхьэнэ зимыIэм тригъэкIуэдащ. Иужьрей и лъэIу закъуэращ Iуэхуф! дэзыгъэкIар.

*(1948 гъэм мультфильм дахэу трахащ. Реж. Цехановский Михаил.)*

**Пушкин Александр «Пащтыхьыпхъу лIамрэ пелуаниблымрэ» (Сказка о мёртвой царевне и семи богатырях).** Урыс усакIуэ нэхъ лъэщ дыдэм сабийхэм дуней гъэщIэгъуэн къахузэIуех. Абы ди лъэпкъым лIыгъэ зэраIари къыхощ. Ар 2017 гъэм адыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ "Нур" журналым и 7-нэ номерым тетащ.

*(1951 гъэм траха мультфильмыр апхуэдизкIэ дахэ хъуати иужькIэ тегушхуаIауэ тщIэркъым а лэжьыгъэр щIэрыщIэу ящIыну. Реж. Иванов-Вано Иван.)*



## 3-нэ–4-нэ класс

**Андерсен Ханс Кристиан «Псыхъуэгуащэ» (Русалочка), «НэщIэпкIэрэ гуащэнабдзэрэ» (Улитка и розовый куст).** Ущысабийм щегъэжьауэ сыт ныбжьым уитми, удэзыхьэхын тхакIуэщ Андерсен. Абы и хъыбархэм узыIэпашэ, уагъэIущ.

*(«Псыхъуэгуащэ» 1989 гъэм мультфильму трахащ. Реж. Рон Клементс, Джон Маскер.)*

**Рудольф Эрих Распе «Барон Мюнхгаузен зыхэт къэхъукъащIэхэр» *(Приключения барона Мюнхгаузена).*** Ар цIыху хьэлэмэтщ, нэкъыфIэщI дуней телъыджэхэм хэту, пэжымрэ пцIымрэ зэпищIэу псэууэ. ТхакIуэм лIыгъэм, дигу илъ хъуэпсапIэхэр зэдгъэхъулIэным дыхуеущий.

*(Кино трахащ 1979 гъэм. Реж. Марк Захаров.)*

**Гофман Эрнст «Щелкунчикрэ дзыгъуэ пащтыхьымрэ» (Щелкунчик и мышиный король).** ТхакIуэм дуней телъыджэм дыхешэ. Ар зэтезыIыгъэр лъагъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэ я къарухэращ. Гу къабзэ уиIэмэ, лIыгъэ пхэлъмэ, хэти утекIуэнущ.

*(Мультфильму трахащ 1973 гъэм. Реж. Степанцев Борис.)*



## 5-нэ–7-нэ класс

**Железников Владимир «Пыпхэ» (Чучело).** ТхакIуэ Iэзэм ди щIыхьыр дымыгъэпудыным, захуагъэ, пэжыгъэ, цIыхугъэ тхэлъыным дыхуеущий, сабий гъащIэм гушIэгъуншагъэ къыхыхьэнкIэ зэрыхъунур къыдегъащIэ.

*(Кино трахащ 1983 гъэм. Реж. Быков Ролан.)*



**Джек Лондон «Дыгъужь гъуабжэ» (Бурый волк).** Мы тхыгъэр цIыхумрэ хьэкIэкхъуэкIэмрэ я зэхущытыкIэм теухуащ; дыгъужьыр цIыхум ныбжьэгъу пэж зэрыхуэхъуфынур дегъэлъагъу.

**Даниель Дефо «Робинзон Крузо».** ЛIыгъэр, гушхуэныгъэр, хъуэпсапIэ щIыныр – мис абыхэм сыт хуэдэ шынагъуэми утрагъэкIуэнущ. ЦIыхур цIыху зыщI хьэл-щэнхэр фIэмыкIуэду, и напэм емыпцIыжу зэрыпсэунур дегъэлъагъу.

*(Кино трахащ 1972 гъэм. Реж. Говорухин Станислав.)*

## 8-нэ–9-нэ класс

**Пушкин Александр «Капитаным ипхъу» (Капитанская дочка).** Сыт ныбжьым уитми уи Хэкур фIыуэ плъагъун хуейщ. Ууейр лъапIэщ. ЛIыгъэ яхэмылъынкIэ хъунщ цIыху псоми, ауэ я Хэкур фIыуэ ялъагъун хуейщ!

*(Кино 1958 гъэм трахащ. Реж. Каплуновский Владимир.)*

**Беляев Александр «Псыхъуэщауэ» (Человек-амфибия).** ЦIыхум къыгурымыIуэмрэ зыхимыщIыкIымрэ дзыхь яхуищIыркъым, езым емыщхьри фIэфIкъым, зыпыIуедз. Зы псэущхьи зэхуэдэу дунейм теткъым, ауэ псори зэрыхуейм хуэдэу псэуну хуитщ.

*(Кино трахащ 1961 гъэм. Реж. Чеботарев Владимир, Казанский Геннадий.)*

**Янн Мартел «Пи и гъащIэ» (Жизнь Пи).** Мы тхыгъэ хьэлэмэтым цIыхур щыпэщIоувэ псэущхьэ шынагъуэм, фэзэхъуэкI дунейм и къэхъукъащIэхэм. Пи и акъыл жанымрэ бгъэдэлъ лIыгъэмрэ я фIыгъэкIэ псэууэ къэл.

*(Кино трахащ 2012 гъэм. Реж. Энг Ли.)*

## 10-нэ–11-нэ класс

**Маркус Зузак «Тхылъ дыгъу» (Книжный вор).** Зауэ зэман хьэлъэм халъхуа, зи сабиигъуэр гъейм ирихьэлIа, гугъуехьым щымыщтэу къэхъуа хъыджэбз цIыкIу бэшэчым теухуащ.

*(Кино трахащ 2013 гъэм. Реж. Брайан Персивал.)*

**Фрэнсис Фицджеральд «Гэтсби Уардэ» (Великий Гэтсби).** ГъащIэр псысэкъым. Ар гугъущ, гущIэгъулыкъым. Гэтсби мылъкушхуэ игъуэтащ, цIыху куэд къыкIэлъокIуэ, пщIэ къыхуащI, къоубзэри езыри зыми хуэмыныкъуэу къыпщохъу. Ауэ и куэбжэр зэрызэхуищIу абы и закъуэ и унэшхуэм къыщIонэж. Мылъкуракъым насыпыр, атIэ пэжыгъэ, къабзагъэ зигу къыпхуилъ ныбжьэгъурщ, щхьэгъусэфIырщ.

*(Кино дахэ трахащ 2013 гъэм, мылъкушхуэ трагэкIуадэу. Реж. Баз Лурман.)*



Зыгъэхьэзырар *КЪАШЫРГЪЭ Фатимэщ*



Текlуэныгъэм и Махуэшхуэм ирихьэлlэу

## Адыгэ анэм бын зэхэгъэж нlэкъым...

Хамэ бынри езым ейри анэ дыдэм зэхуэдэу ипlынущ. Дэркlэ ар щlэщыгъуэкъым, абы ди тхыдэри lуэрыlуатэри щыхьэт тохъуэ. Хэку зауэшхуэм иужькlэщ дуней псом къыщащlар адыгэ анэр зыхуэдэр. Биидзэ къыттеуам къыlэщlахыу сабий 32-рэ Беслъэней анэхэм (КъШР) кърагъэлат. Абы теухуа тхыгъэхэр мызэ-мытlэу къытехуащ «Нурым» ( № 5, 2018 гъэ; № 2, 2020 гъэ).

«Журт сабийхэр кърагъэлащ адыгэ анэхэм», - ар и фlэщыгъэцlэу Калугэ щыпсэу егъэджакlуэ Кишеев Виктор Андреевич иригъэкlуэкlащ урок зэlуха. Абы къекlуэлlахэм къащlащ шэрджэс анэм и лlыгъэр здынэсыр. Нэмыцэм къаухъуреихьа Бытырбыху къыдаша сабийхэм яужь иту бийхэр къакlуэрт, а мэжэщlалlэ, тхьэмыщкlэ хъуа цlыкlухэм къапэплъэри ажалырт, адыгэщlым къыщысам. Атlэ, ди адыгэ анэхэм я унагъуэхэри езыхэри а бийм зэтраукlэнкlэ зэрыхъунум имыгъэшынэу, журт сабий зеиншэ цlыкlухэр зрашалlэри бын ящlащ икlи ажалым къыlэщlахащ.

*И. З.*

# ТхылъымпӀэгъэӀэсэ







ІЭПЭІЭСЭ Зуридэ

## Накъыгъэм и 15-р – унагъуэм и махуэщ

Цlыкlухэ, махуэшхуэ тыгъэ нэхъыфl дыдэу фи унагъуэм исхэм яхуэфщlыфынур фи лъэпкъ жыгырщ. Ар фэ езыхэм фи lэкlэ фтхыжрэ фи дэлъху-шыпхъухэм, адэ-анэм, адэшхуэ-анэшхуэм я сурэтхэр тевгъапщlэмэ, сытым хуэдэу я гуапэ хъуну псоми! Адыгэр lлакъуиблкlэ дэбжейуэрэ къызытехъукlахэм я цlэ къриlуэфу щытащ. Фи lэкlэ фи лъэпкъ жыгыр фщlыжми, нэхъыфlыжщ.



Мы QR-кодым уи телефоным и камерэр тегъапсэ, «Нурым» и интернет-напэкlуэцlым ихьэ, къызэзlуих лэжыгъэхэр гъэзащlэ.




*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*
Издается
С 1 января 1982 года
**№ 5 2022 г.**

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

Главный редактор
*Б. М. АБРОКОВА*

Редактор
*М. КАМБОТОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КАШИРГОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике.
Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 29.04. 2022 г.
Выход в свет 25.05. 2022 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1432 экз.
Заказ №954
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес. – 91,14 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик, пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.